# НЫР

ISSN 0207-6551
10
2016
6+



# Редакторым и псалъэ

«Нурым» и щӀэджыкӀакӀуэ цӀыкӀухэ, гъатхэри гъэмахуэри икӀауэ, иджы бжьыхьэкущ. Дунейр нэщхъеирилэщи, уафэ къащхъуэри плъагъужрэ, — пшэм щӀиуфащ. Щхьэхынэ хъуа дыгъэм тегушхуэ шыагъуэри кӀуэ пэтми нэхъ ерыщ йокӀуэ. Дэ дощӀэ фэ махуэкӀэ — дыгъэ гуапэм, жэщкӀэ — мазэ нэхумрэ нэщӀэукъуанщӀэ вагъуэ цӀыкӀухэмрэ фазэрыхуэзэшыр. Уэгум усэ къизыджыкӀ дапщэ къыфхэт? АтӀэ, ди гупсысэхэр дгъэлъатэу, фэрэ дэрэ «мазэ-вагъуэ шыпсэм» дыздыхыхьэмэ дауэ феплърэ?..

Мы къыдэкӀыгъуэр зытеухуар уэгурщ. Дэ фыкъедгъэджэнущ уэри-щӀыри-псыри зи псэупӀэ ТкӀуэпсым и зы хъыбар гъэщӀэгъуэн; уафэм къидджыкӀ усэхэм; адыгэ ӀуэрыӀуатэм уэгум дилъагъуурэ ди деж къихьэсахэм,— таурыхъи, нэщэни, псалъафи, къуажэхьи фигу къэдгъэкӀыжынущ. Вагъуэхэм я псалъалъи, вагъуэджэгуи ивгъуэтэнущ мы къыдэкӀыгъуэм.

Уафэм псэ Ӏут хуэдэщи, зэм дыгъэ бзийкӀэ мэгуфӀэ, зэм уэшхкӀэ магъ, зэм уэ пӀащэкӀэ мэзауэ. АтӀэ, ар щыгубжьыр дауэ къызэрытщӀэр?.. Абы щыгъуэм цӀыхухэм сыт ящӀэр?.. А упщӀэхэм я жэуапхэри къивджыкӀынкъэ. Сабий сурэти ифлъэгъуэнщи, ЩыкӀураши Ӏущыщэхэр фигъэлэжьэнщ.

Аращи, цӀыкӀухэ, мы «Нурым» гупсэхуу фыкъеджэмэ, хуабжьу сэбэп къыфхуэхъуну дыщогугъ.



*АБРОКЪУЭ Беллэ*



# ТКIУЭПСЫМ И ЩХЬЭ КЪРИКIУАР

Щыlащ-псэуащ зы **Ткlуэпс,** пlащэ хъужарэ зэщlэпщlыпщlэу. Ар **Гуэлышхуэм** щыпсэут. Езым хуэдэ ткlуэпс lэджэ и гъунэгъуу есырти, зэдэджэгуу зэрыгъэтхъэжхэт.

Ахэм **Дыгъэ** гуфlэрейри къатепсэрт. **Ткlуэпсыр** зэпымыууэ абы худэплъейуэрэ, зэгуэрым жрелэ мыпхуэдэу:

– Уэ-lей, сыту ухуабащэ! Уэ апхуэдизкlэ сыкъосри, бахъэ сыхъу си гугъэщ...

– Нэхъ цlыкlу ухъумэ, нэхъ щlэх укъэлъэтэнщ,– къыжреlэж **Дыгъэм**.

Аурэ, **Ткlуэпсыр** цlыкlунитlэ хъум-ткlууэрэ, бахъэу гуэлым къыхолъэт.

– Ды-гъэ-э-э, сэ уи деж сыноклуэ-э-э! – кlийуэрэ уэгум пхрыкlт...

А здэкlуа уафэм езым хуэдэ ткlуэпс цlыкlу lэджэ, уий, куэдыклейуэ щыlэу къыщlэкlщ аби, ахэм яхуэзэжащ. Нэхъыбэр ицlыхут. Жэщ хъууэ **Дыгъэр** зэрыкъухьэу, ахэр зэкlэщlэпщхьэрти, зэрыгъэхуэбэжт. Апхуэдизкlэ куэд хъуат а ткlуэпс цlыкlухэри, абы **Пшэ** хужьышхуэ къахэхъукlащ. Зыкlэ зэщыгуфlыкlырти а цlыкlухэр,– сыту фlыт дызэрызэхуэзэжар,– жаlэу. Уий, мо уэгу хуитышхуэм щылъатэрт, жьым дэджэгуу къыдэфэрт, дыгъэм я джабэхухэр ирагъэут.

Ауэрэ, **Жьы** зэраншум нэгъуэщlыпlэ кърих ткlуэпс цlыкlухэри къехъуапсэ-къахыхьэурэ, ахэр нэхъыбэ къыщыхъум, **Пшэ** хужь бацэри, хупцlынэ тэджауэ, къэбэтащ. Ар апхуэдизкlэ инт, пшэрти, **Дыгъэр** зэхуищlырт. Ин хъуар lуэхут, иджы ар **Дыгъэм** и бзийхэми къамыгъэхуэбэжу, ткlуэпс щlыlэм исхэр, къещэщэх хъуат. **Уэшх** жыхуаlэжыракъэ, – шхыдэу къыздещэщэхым, адрейхэри къакlэлъехыурэ, уий, псыхьэлыгъуэ **Уэшхыр Щlым** инышхуэуирижэу хуежьащ

Ди Ткlуэпс цlыкlури абы яхэтт, дауи. Къехым-къехуэхыурэ мо ткlуэпс «зэрыгъэгужьея» къомыр щlылъэм къэсырти, псыхьэлыгъуэм хэхуэжырт. Абы хэту ди **Ткlуэпсри** ирижэурэ **Псыежэх** хужьышхуэм «жыгъумпlэщ» жэуэ хэлъэдэжри, нэхъ ину, нэхъ псынщlэу жэм-лъейуэ, къыхэлъэ **Дыгъэ** къепсыжам зригъэлъагъуу, мо нэкlутlэр зыщигъэгуфlыкlрэ, псым хэпкlэжу джэгуурэ... адэкlэ и щхьэ кърикlуар... И щхьэ къриклуар фщlэрэ, цlыкlухэ? И **Гуэл**



щхъуантӀэшхуэм нэсыжщ ар зыхэс **Псыежэхри, ТкӀуэпсри** абы хэлъэдэжащ... зыри къэмыхъуххам хуэдэу.

**ТкӀуэпсыр,** къыздикӀам игъэзэжауэ, мэгуфӀэ, икӀи аргуэру уэгум дэплъейуэрэ, мэхъуапсэ: – «Сыту фӀыӀуэу си нэгу зиужьа, иджыри сылъэтэнт...» – жиӀэурэ абы дыгъэ зрегъэу, адрей ткӀуэпсхэм зыщытхъужурэ яхуеӀуэтэж **Лэгъупыкъу** дахэу зэрыщытам и хъыбар гъэщӀэгъуэныр:

– НтӀэ, си ныбжьэгъу цӀыкӀухэ, мис а уафэм сыщитам щыгъуэ, сэ **Пшэ** сызыхэсыр хьэлъэ хъум-хъуурэ, **Уэшх** нэщхъейуэ зэпымыууэ гъуэгыу хуежьащ,– кърегъажьэ **ТкӀуэпсым** и хъыбарыр.

– НтӀэ, щӀылъэм уехмэ, сыт абы Ӏейуэ хэлъыр, **Уэшх**? – жетӀэрт, арщхьэкӀэ идэртэкъым.

– СыхуейӀыми-сыхуейӀым, сэ уафэращ сфӀэфӀыр,– жиӀэурэ гъуэг зэпытт.

Арати, ар **Дыгъэм** фӀэгуэныхь хъущ аби, пшэ Ӏувым къыкъуэплъащ:

– Кхъа, **Уэшх** цӀыкӀу, апхуэдизу угъыу зумыухыж. Щыгъэтыж иджы! – къолъэӀу.

**Уэшхым** ари зэхимыхыу магъри-магъ, магъри-магъ. Арати, **Дыгъэр** къыкъуэкӀыпащ. Къеплъщ-къеплъри, фӀэгуэныхь хъуауэ и бзий кӀыхьхэр **Уэшхым** къыхуишиящ. Мыдрей гъыринэм абы гу лъитэххэтэкъым. Мо бзий цӀыкӀухэр абы и ткӀуэпсхэм щыкӀуэцӀрыкӀым апхуэдизкӀэ щхъуэкӀэплъыкӀэ дахэу зэхэлъыдыкӀати, ар къызэрилъагъуу **Уэшхыр** занщӀэу къэгуфӀэпсыжри... теужащ. Сэри абы зыхэзгъэкӀыжынт! Мо бзийм захэздзэщ аби, апхуэдизкӀэ дахэ сыхъуати, зыгуэрым сурэт къыстрихарэт, жысӀэу зысплъыхьу щӀэздзащ. «Си зы джабэр зы плъыфи, си адрейр нэгъуэщӀ гуэри! У-уу-х!» – жысӀэу. Арати, мо **Дыгъэм** и бзий бынунэм уэгум зыщаукъуэдиящ, плъыфэ Ӏэджэу зэхэлъу. Сэри абы сакъыхэплъыурэ сабийхэм захуэзгъэщӀагъуэт. Ахэракъэ-тӀэ зэпымыууэ уафэмкӀэ дэплъейр!

Сабий гупыр уэшхым игъэшынауэ жьауапӀэм щӀэсти, си **Лэгъупыкъур** къызэралъагъуу зэрыгъэкӀияхэщ:

– Мес, мес, **Лэгъупыкъу** дахэр къыкъуэкӀауэ **Уафэм** ӀэпӀохуэ хуещӀ! – мэкӀий зыр.





– Ар пкIэлъейщ! Сытету срикIуарэт! – Iэгу йоуэ адрейр.

– ХьаIэ, пкIэлъейIым, кIапсэщ, – и щхьэр ещI ещанэм.

– КIапсэкъым-тIэ, пхъэхьщ, пхъэхь къуэлэныбзэ! – лъабэ цIыкIухэмкIэ тоуэ еплIанэр.

– Зы, тIу, щы, плIы, тху, хы, блы. Плъыфэхэр псори ирокъу! Псори! – сэ ахэр зэрызэкIэлъыкIуэр сощIэ, – зегъэщIагъуэ япэрейм.

Зэрыгъэкlий макъыр къызэхихыу нанэ дэкIуеипIэм къыщытехьэм, сурэтыщIу яхэт Маринэ цIыкIу абы еупщIащ:

– ЛэгъупыкъукIэ щхьэ еджэрэ, нанэ, мо дахэм?

– Плъагъукъэ лэгъупым и къум хуэдэу зэрызигъэшыр? Ещхьщиращ.

– Сэ сигу ирихькъым. Абы и плъыфэхэракъэ нэхъыщхьэр?

– Сыт атIэ, си Хъыдзэ, уэ фIэпщыр?– зыкъыхуегъэщхъ абы нанэ.

– АдакъэкIэ.

– Псори щыдыхьэшхым, сурэтыщIым IупщIэ ищIри и нэм ткIуэпс къытелъэдащ,– жеIэ **ТкIуэпс** цIыкIум,– сэ сэщхьыркъэпсу. Арати, сэри абдежым сигу ислъхьащ а хъыджэбз губзыгъэ цIыкIур гуэлым зыгъэпскIакIуэ къызэрыкIуэу, и нэкIум ба хуэсщIыну. Сожьэри-сожьэ...»

Мис аращ **ТкIуэпсым** и хъыбарыр зэрыхъур, цIыкIухэ. Фигу ирихьа?..



УсакIуэхэр уафэм дэплъеирейщ жэщи махуи, гъэмахуи щIымахуи.

Дахагъэу абы иралъагъуэр усэу тхуатхыж. Абы ящыщщ иджы япэу зи IэдакъэщIэкIхэр журналым теддзэ **КЪАНДУР Жаннэ.**

* * *

Уарэ, уарэ, еплъыт уафэм,-
Пшэм гуфIэжу щIыр къеплъыхь.
Триубгъуа и ныбжьыр тафэм
Итщ и ужь, кърегъэжыхь.

* * *

Пшэхэр жьым Iэмбатэу
Уэм щрикъухьащ,
ЩIэпщэм, игъэбатэу,
Уафэм из ищIащ!

ПцIащхъуэ цIыкIухэм уэшхым
Пэплъэу къалъэтыхь.
Джэдкъурт бын зэдэшхэм
Уафэр зэпаплъыхь.

* * *

Пшэ хужь цIыкIухэр,
Щынэ щIыкIэу,
Гуартэ-гуартэу уэм хэпхъащ.
Дыгъэм, ахэм къахэплъыкIыу,
Пшэхэр дыщэу ириIащ.

Жьапщэ жэрыр щхьэхьу щIопхъуэ,
Гуартэ цIыкIухэр зэхуехус.
Зэ зым йопхъуэ, зэ зым йопхъуэ,
ИщIын пфIэщIу IэплIэрыс.

* * *

Вагъуэ цIыкIухэм пщIыпщIу
Уафэр хадыкIащ.
Зэрыхужьыр IупщIу
Мазэр къыщIэкIащ.

Уэгур бзэ щэху гуэркIэ
ЩIылъэм йоIущэщ,
Мазэ плъызыр нуркIэ
ГущIэм йопэщэщ.

**Фэ къыфхэт уафэр зи гупсысэ кIуапIэ, цIыкIухэ?**

*ІуэрыІуатэ*

# Сэтэнейрэ уанащІэмрэ

Сэтэнейрэ нартхэ я уанащІэмрэ зэрихьэлІащ.

– Сыт пхузэфІэкІрэ, Сэтэней? Сыт уи ІэщІагъэ? – къеупщІащ нартхэ я уанащІэр.

– Махуэм зы цей сод, – жиІащ Сэтэней.

– Армэ, сэ махуэм зы уанэ сщІынщ,– жеІэ уанащІэми.

Абыкіэ зэпихьэри, Сэтэней гуащэ цейр ибзащ, модрейри Іуэху и ужь ихьащ. УанащІэр жан гуэрти, уанэр ищІри тІысыжащ. Сэтэней цейр дын имыухыурэ, дыгъэ къухьэгъуэр къос. Гуащэр къэгузавэщ, дыгъэм худэплъейри, жиІащ:

– УзэтеувыІэркъэ! Си напэр токІ!

Сэтэней и хьэтыр къилъагъури, дыгъэр и пІэ ижыхьащ, абы цейр дын иухыхукІи и пІэ икІакъым. Цейр хьэзыр хъуа нэужьщ дыгъэр щыкъухьар.

Арыххэу уанэр и дамащхьэм трилъхьэри, уанащІэр Сэтэней гуащэ деж гуфІэу кІуащ:

– Укъэсхьакъэ, Сэтэней!

– Цейр уэкІурэ уэмыкІурэ сегъэплъ,– жери, уанащІэм идар щрегъэтІагъэ.

– Зэрыжа Іэм ухуэдэщ, Сэтэней! – жиІащ уанащІэм, цейр игу ирихьауэ.




Абы лъандэрэ Дыгъэм, къухьэн и пэІуэкІэ, и пІэ йожыхьри, заулрэ зеІэжьэ – Сэтэней гуащэ и хьэтыркІэ.

***Адыгэ ІуэрыІуатэ***
*тхылъым къитхыжащ.*





Дыгъэ (Солнце)
Дэжейгъалlэвагъуэ
(Меркурий)
Марс
Нэхущвагъуэ (Венера)
Къежьапlэ
Щlы (Земля)
Юпитер
1
2
3
5
6
7
8
9
10
12
13
14
15
16
17
18
20
21
22
23
24


КIэух
Вагъуэкъан (Сатурн)
Уран
Нептун
ВагъуэкIэху (Комета)

# Вагъуэхэм я псалъалъэ

**Ахъшэмвагъуэ (Хэщхьэжыгъуэвагъуэ)** – апхуэдэ цIэр яIэщ вагъуитхум – Сириус, Арктур, Капелла, Альфа, Бета – звезда Разговения.

**Вагъуэ** – жэщкIэ уафэм къыщыблэ пкъыгъуэ – звезда.

**Вагъуэабрэдж** – къэзыкIухь вагъуэхэр – блуждающие звезды – «звезды – абреки».

**Вагъуэгублащхьэдэс (Шыгуэсвагъуэ)** – созвездие Трубка Арктура – Возничий.

**Вагъуэгущэ** – созвездие Кассиопея – «звезда – колыбель».

**Вагъуэдамэкъуэ** – созвездие Малый Пёс – «звезда – заноза».

**Вагъуэдамэкъуэгурыгъ** – созвездие Западная Рыба – «звезда – заноза, штырь».

**Вагъуэбаш** — занщIэу зэкIэлъыкIуэу гъэмахуэ жэщ ныкъуэм деж къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыблэ вагъуищ – созвездие Жирафа.

**Вагъуэбэ** (*шэрдж.*) – созвездие Дельфин.

**Вагъуэбэ** (*къэб.*) – къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыблэ вагъуэ зэрыбын – созвездие Тельца.

**Вагъуэбэ** – куэду зэрыIыгъ, зы цIэ яIэу вагъуэ зэрыбын – созвездие.

**Вагъуэзэшибл** – Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ уафэм къыщыблэ гуп щхьэхуэ, бжыгъэкIэ блы хъууэ – (созвездие Большой Медведицы).

**Вагъуэиж** – и пIэм ижу жэщкIэ ялъагъу вагъуэ – звездопад, падучая звезда – метеор.

**Вагъуэкъан (Лэкъумвагъуэ)** – планета Сатурн.

**ВагъуэкIапсэ** – уэгум и ищхъэрэ лъэныкъуэм щыплъагъу вагъуэ гуп щхьэхуэ – созвездие Андромеды – «звезда – верёвка».

**ВагъуэкIэху** – комета – жэщ уафэм пшэ нэху Iэрамэм кIэм ещхьу къыхэщ нэхугъэ.

**ВагъуэпхъэщкIу** – вагъуэ зэрыбын, зэшыпхъуибл хъууэ – (звездное скопление Плеяда).

**Вагъуэсокъурэ** – созвездие Чаши – «звезда – арлекин».

**Вагъуэур, Вагъуэшабзэ** – созвездие Орион – «звезда – палка».

**Вагъуэхьэлывэ** – созвездие Северная Корона – «звезда – лепёшка».

**Вагъуэщыгъэ** – созвездие Южная Корона – «звезды – бусы».

**Вагъуэщэлъахъэ** – шым иралъхьэ щэлъахъэм хуэдэу плъагъу вагъуэ гуп – созвездие Стрелы (Стрельца) – «звезда – тренога».

**ДэжейгъалIэвагъуэ** – планета Меркурий.

**Дэжыгвагъуэ** – созвездие Лиры – «звезда – ореховое дерево».

**Ищхъэрэвагъуэ (Темырвагъуэ)** – Полярная звезда.

**Мазэ** – ди ЩIым и гъусэ, и гъуэгурыкIуэгъу – (спутник (Земли) Луна).

**Нэхущвагъуэ** – планета Венера.

**Темыркъэзакъвагъуэ** – созвездие Большого Пса – «звезда северного белого гуся».

**Шогуэгъагъэвагъуэ** – созвездие Алькор.

**Шыгуэсвагъуэ** – созвездие Возничий.

**ШылъэрыкIуэвагъуэ** – созвездие Рысь.

**Шыхулъагъуэ** – ди ЩIыр зыхэт Дыгъэ (Солнечнэ) системэр зыхыхьэж галактикэ – (галактика Млечный Путь).

**ЩIы** – планета Земля.

**Уахэ** – уэгу – космос.

******

*Адыгэбзэ псалъалъэм, адыгэ IуэрыIуатэм, Къашыргъэ Назир зэхуихьэсыжахэм къахэтхащ.*

# КЪУАЖЭХЬХЭР

Ди щхьэгъубжэ дыщэ тхьэгъу къыдоплъ. *(Мазэщіэ)*

Алэрыбгъур инщи, пхуэіэтыркъым, мывэкіэщхъыр куэдщи, пхуэщыпыркъым. *(Уафэ, вагъуэхэр)*

Адакъэкіэ, пшагъуэхэплъ. *(Мазэ ныкъуэ)*

Уеплъмэ – плъагъу, укіуэмэ – унэмыс. *(Уэгу нэз)*

Пхуэмыубгъун алэрыбгъушхуэ. *(Уафэ)*

# НЭЩЭНЭХЭР

Вагъуэбэр щіым хэплъэмэ, къэб къуэпсым зедз.

Вагъуэзэшиблым загъазэмэ, нэху мэщ.

# ПСАЛЪАЛЪЭ

***Мазэпэ*** – мазэ къэунэхуагъащіэ – (первая фаза луны).

***Мазэ ныкъуэ*** – (полумесяц).

***Мазэгъуэ: мазэгъуэ жэщ*** – мазэр щыиз, нуру къыщыблэ жэщ – (лунная ночь).

***Мазэгъуэ ціыщхъ*** – (яркая звездная ночь).

***Мазэхэ: мазэхэ жэщ*** – (безлунная ночь).

***Мазэкіэ*** – уафэ джабэ мазэм и кіуэдыжыгъуэ.

# ПСАЛЪАФЭХЭР

***И зыгъазэр зы мазэщ*** – хуэм, жьажьэ – (медлительный, неповоротливый).

***Мазэр зи нэкіу*** – нэхутхьэху – (луноликая).

***Мазэр зи натіэ*** – нур зиіэ ціыху.

***Мазэм аркъэн ебдзкіэ къыпхуэубыдын?*** – Разве арканом луну выловишь?

***Мазэр хэіэжащ (еіэжащ)*** – луна на ущербе (ущербная луна).

***Мазэкіэ-мазэпэу зэкіуэкіын*** – зи щытыкіэм зихъуэж, губжь-теуж.

**ХЬЭТУ Пётр**

* * *

Губгъуэри гъунэншэщ,
Хъушэри бжыгъэншэщ...
Къыхэжыр кіуэдыжми,
Хэщіыр хуэмыбжыжу,
Щіакіуэ теубгъуауэ,
Іэщіэлъу Іэхъуэ баш,
Щіыпіэнэщі нэхушхуэм
Мэлыхъуэ ціыкіу щозэш.
*(Уафэ, вагъуэхэр, вагъуэзиж, мазэ)*

* * *

Пащтыхь гуащэу пфіэщіу мыдэ,
А нэхунэр зэщіолыдэ,
Ар мыдыгъэ, щыщми уахэм,
Жэщ уэздыгъэу, щіыгъэдахэщ.
*(Мазэ)*

* * *

Щы кіэрахъуэм и кіэдахъуэм
Жэщкіэ удз гъэгъа къощащэ.
*(Вагъуэзиж)*

* * *

Гуэлым кхъухь щетіысэхауэ
Дыжьын лъагъуэ къедз.
*(Мазэ)*

# ДЫЩЭ ЗИ ХУЛЪЭМ ИЛЪ БЗУР



Еуэри, жеlэ, зы щlалэжь гуэр, ауэрэ къыздикlухьым, гъуэгущхьэм тес бзу щхьэ кlапlинэ цlыкlум хуэдэ зы бзу цlыкlу епхъуэри къиубыдащ. (Ар дахэкlейуэ мэщхьэукъуэ езыр!) Къиубыдщ, «уф-сыф» жери бзу цlыкlум ицхэм хэпщэри: «Алыхь-алыхь, сытхъакъэ мыр сщхымэ!» – жиlащ.

Арати, Бзур къопсалъэ:

– Сэ солъхуэ-сопlэ, сэрикl Алыхьым къигъэщlа псэущхьэхэм сащыщщ, кхъылэ, сыумышх!

– Уэлей, усщхынум! – жиlащ. – Сыт сэ ущlэзмышхынур, укъыщызубыдакlэ?!

– Хьэуэ, сыумышх! Абы нэхърэ нэхъыфlщ псалъэ пэжищ бжесlэнщи. Ар уи гум иубыди, нэхъ уи сэбэп хъунщ. Сэ, цыр степхмэ, зы дзэкъэгъуэщ сызэрыхъужыр. Зы дзэкъэгъуэм сыт къыпхуищlэн?!

– Нтlэ, къызжеlэ уи псалъэ пэжищыр! – жеlэри арэзы мэхъу щlалэжыр.

**– «Зэхэсхащ», жыпlэу, уи нэкlэ умылъэгъуар уи фlэщ умыщl.** Ар зы. **Блэкlа lуэхум ухущlемыгъуэж.** Ар тlу. **Мыхъуну lуэхум и ужь уимыт.** Ар щы.

А псалъищыр къищтэри, Бзур иутlыпщыжащ.

Бзур щlалэжьым и пащхьэм къотlысхьэжри къыщодыхьэшх:

– Сэ делэ куэд слъэгъуащ, ауэ уэр нэхъ делэ зэи сыхуэзакъым! – жеlэ.

– Сыт щхьэкlэ?

– А гъуэгу мыгъуэм ежьэн, – жиlащ,– сэ сыпшхамэ, уи зэ шхэгъуэ къанэртэкъэ! Ар зы. Етlуанэрауэ, дыщэ мэскъал* тlощl си хулъэм илът сэ!

«Дыщэ мэскъал тlощl си хулъэм илът» щыжиlэм, Бзур ирехужьэ, къиубыдыжыну. Мазихкlэ кърихуэкlащ а Бзур, жэщ здэхъур и бысыму, «дыщэ мэскъал тlощlыр къисхынущ»,– жиlэу хъуапсэу. Сытми, кlуапlэ имыlэжу, тенджыз lуфэ гуэрым нихусащ. Адэкlэ, зы мэкъу lэтэ хуэдиз хъууэ мывэ хьэсэпlинэшхуэ** хэтти, кlуэри абы къытетlысхьащ Бзур. Къытетlысхьауэ:

– Е-е-ей, «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ» жыхуаlэращ, – жиlащ.– Уэ усфlэгуэныхькъым, уделэщи, ауэ апхуэдизрэ къепхуэкlа уи лъакъуитlыр сфlэпсэкlуэдщ, – жи,– ар егъэкlуэлlэж къыздикlам. Сэ уи lэмыщlэм силъу бжесlар пщlэжрэ? – жи: **«Умылъэгъуа lуэхур уи фlэщ умыщl, мыхъуну lуэхум и ужь уимыт, блэкlа lуэхум ухущlемыгъуэж»** бжесlатэкъэ?! Щыри зэхэпщlыкlакъым уэ, армыхъумэ сэ зы мэскъал срикъуркъым, дыщэ мэскъал тlощl дауэ си хулъэм ихуэну?! Гъэзэжи кlуэж укъыздикlам, сэ дэнэ дежи си псэупlэщ, – тр-р-р, жери бзур лъэтэжащ.

Щlалэжьыр къэкlуэжащ, мазихкlэ хьэулеярэ и щхьэ фlэлэлу.

***ТХЬЭМОКЪУЭ Женэ***
зэхуихьэсыжахэм щыщщ

* *Мэскъал* – грамм 4,26 хъу зэрышачэ.
** *Хьэсэпlинэшхуэ* – кlапlинэм (lэтэм) ещхьу губгъуэм ит мывэ лъагэ.

# УАФЭГЪУАГЪУЭ. УАФЭХЪУЭПСКӀ. ЩЫБЛЭ. ЩЫБЛЭ ТХЫПХЪЭ



ЦӀыкӀухэ, фи нэхъыжьхэм жаӀэу зэхэфха, «Пщэдджыжьым насыпыр ягуэш»,– жэуэ? АтӀэ, апхуэдизкӀэ гуапэщ икӀи дахэщ пщэдджыжьыпэ-пщыхьэщхьэпэ пшэкӀэплъри, цӀыхум абы зыщигъэнщӀыркъым. Ауэ, пасэ зэманым, щӀэныгъи, тхылъи, интернети щыщымыӀам цӀыхум мащӀэт дунейм хащӀыкӀри, уафэгъуагъуэми щыблэми хуабжьу щышынэрт, уэшх-уэсыр къагурыӀуэтэкъым, ауэ дыгъэр зэрыхуабэр я гуапэ хъууэ тхьэ хуелъэӀурт. Уафэр щыгъуагъуэкӀэ, тхьэхэр губжьу къащыхъурт.

Пасэрей славянхэм уафэгъуагъуэм и тхьэ яӀащ ПерункӀэ еджэу. Абы я гугъэт Перун зи шэрхъхэм Ӏэуэлъауэшхуэ ящӀ гум ису уафэм пхыжурэ, мывэхэмрэ мафӀэ къызыпыщэщ шабзэшэхэмрэ щӀым къридзыхыу.

АтӀэ, иджы фэ фщыщ куэдым ящӀэу къыщӀэкӀынущ уафэгъуагъуэр къызыхэкӀыр. Зы щӀыпӀэм хьэуар пщтыру къыщолъ, нэгъуэщӀ щӀыпӀэм деж щоупщӀыӀури, хьэуа псыӀэ хуабэмрэ, хьэуа гъущэ щӀыӀэмрэ щызэхуэзэ щӀыпӀэм и деж уафэгъуагъуэ пшэхэр щызэтрехьэ. Абы къару къахолъэт (электричествэ). Аращ уафэхъуэпскӀ хъужри. Ар нэшэкъашэу хьэуам пхолъэт, жэщкӀэ уигъэшынэу цӀуузэ, километр тӀощӀым нэс щикӀыхьагъ щыӀэу. УафэхъуэпскӀ нэужьым, нэхъ набдзэгубдзаплъэхэм гу лъыфтагъэнущ уафэр зэрыгъуагъуэм. А температурэ гуащӀэм уафэр здэхъуэпскӀа щӀыпӀэр кунэщӀ ещӀри, нэщӀыр занщӀэу хьэуам екудэ. Мис аращ уафэгъуагъуэри къызыхэкӀыр. Апхуэдэхэм дежщ нэхъыбэу щыблэ щыуэри.

Щыблэр шууейуэ къафӀэщӀу щыташ адыгэм. Ар шы къарэм тесу уэгум къихьэурэ, щӀым и хъуреягъэр напӀэзыпӀэм къызэщӀигъэхьэу къащыхъурт.

Абы и шы лъэмакъыр уафэгъуагъуэу къэӀуу, и фӀалъэм хъуаскӀэу къыщӀиудыр уафэхъуэпскӀыу къэлыду я гугъэт.

Щыблэм тхыпхъэ иӀэщ. Ар вакъэ лъащхьэмрэ лъэтхьэмпэмрэ тращӀыхьу щытащ, вакъэр зылъыгъыр лъэ быдэу увыну щыгугъыу.

Лъапэм, лъэ быдэкӀэ щӀым тетыным мыхьэнэшхуэ ирату щыташ ди лъэпкъым, аращ вакъэм тхыпхъэ щӀытращӀыхьри. «Лъэтеувэ» тхьэлъэӀур къызыхэкӀар аращ. Унагъуэм хьэщӀэ къэкӀуамэ, е нысэ къашамэ, «лъапэ махуэ кърихьауэ тхьэм къыщӀигъэкӀ»,– жаӀэу ехъуэхъурт.

Зыгъэхьэзырар сурэтыщӀ
***ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Хьэжсетщ***





# Сурэтыщ! ныбжьыщ!эхэр



ЖЫКЪУЭ Дианэ, илъэсибл,
Налшык къ.



**АМЩОКЪУЭ Фатiимэ,**
3-нэ «в» класс, Дзэлыкъуэкъуажэ



ПЩЫНОКЪУЭ Иринэ, илъэс пщыкIущ,
Кенжэ къу.



ЖЫКЪУЭ Дисанэ, илъэс пщыкIуз,
Налшык къ.



**ХЪУЭКIУЭН Изабеллэ,**
3-нэ «а» класс, Дзэлыкъуэкъуажэ

# КъэщIэрей

1. Ребусхэм щыгъэпщкIуа псалъэхэр къафщIэ. КъэфщIа псалъэхэр зэпэплIимэхэм къызэрезэгъкIэ ивгъэувэж. Плъыжьу къыхэгъэща зэпэплIимэхэм ивгъэува хьэрфхэр къыхэфтхыкI. (Абыхэм журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм фыхуеинущ!)










| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ■ | | | | | |
| | | | | | | ■ | |
| | | | | ■ | | | |

2. Псалъэ къэфщIахэр зэбдзылIэ щIэхъунур сыт? Лейуэ хэбгъэкI хъунур-щэ? УпщIэхэм жэуап дапщэ ефтыфын?

3. Хьэрфибл хъу псалъэу ребусым къыщывгъуэтам хэт хьэрфхэм псалъэщIэ къыхэфщIыкI: хьэрфитI, хьэрфищ, хьэрфиплI хъухэу. Псалъэ къыхэфщIыкIахэр таблицэм ифтхэ.

| хьэрфитI хъухэр | хьэрфищ хъухэр | хьэрфиплI хъухэр |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

Фи лэжьыгъэхэр евгъэхь мы электроннэ адресымкIэ:
masirat-bekanova@mail.ru

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***



Нур ЦIыкIураш

Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей
Издается
С 1 января 1962 года
№ 10 2016 г.

Учредители:
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
Б. АБРОКОВА

Редколлегия:
Х. КАРМОКОВ
А. КАРМОВА
Е. ТХАМОКОВА
Х. ТИМИЖЕВ
И. ХАТУЕВ

Художественный редактор
М. ХАЛИЛОВА

Набор и верстка
И. РАСТОРГУЕВОЙ

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати 04.10.2016 г.
Выход в свет 28.10. 2016 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, bom money, BIF
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7
Тираж 2080 экз.
Заказ № 595
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 12,47 руб.; за 6 мес.– 74,82 руб.

Адрес редакции
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
ГКУ «КБР – Медиа»
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33

## Полярнэ вагъуэбэхэр октябрь мазэм

